



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MODÈL POLITIK FINAL KONT ASÈLMAN SEKSYÈL  
POU RANFÒSE PWOTEKSYON POU TRAVAYÈ NOUYÒKÈ YO**

*Politik yo gen ladan nouvo gid pou pwoteje travayè adistans yo; Ajoute nouvo  
resous fòmasyon sou entènèt pou ede Nouyòkè yo pi byen konprann dwa yo*

*Bati sou angajman Gouvènè a pou amelyore sekirite ak responsablite nan espas  
travay la*

Gade [Politik Prevansyon kont Asèlman Seksyèl final la](#) ak [videyo fòmasyon an](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) la te finalize mizajou nan [Politik Modèl kont Asèlman Seksyèl](#), yon modèl dokiman Eta New York bay anplwayè yo pou ede yo konfòme yo ak lwa Eta a yo epi jwenn aksè ak politik modèn sou arasman seksyèl ak sijè ki gen rapò ak yo pou pwoteje anplwaye yo nan espas travay la. Depatman Travay Eta New York la te kolabore ak Divizyon Dwa Moun Eta New York sou konsèy ranfòse a, ki adrese travayè adistans yo, diskriminasyon kont sèks, vanjans, ak lòt nouvo konsèy pou travayè yo nan Eta New York. Depatman Travay Eta New York la te devwale tou yon nouvo videyo fòmasyon entè-aktif ak resous sou entènèt pou ede anplwayè yo ak anplwaye yo nan tout eta a konprann epi konfòme yo avèk règleman ki fèk amelyore yo ak egzijans fòmasyon ki obligatwa yo.

"Eta New York ap franchi yon gwo etap nan modènize Politik Modèl Prevansyon kont Asèlman Seksyèl nou an pou asire ke chak travayè gen aksè ekitab ak resous ki pral ankouraje anviwònman travay ki an sekirite ak enklizif", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè m te antre an fonksyon, mwen te pwomèt pou m revize politik eta nou yo pou bay Nouyòkè yo pwoteksyon kont asèlman ak abi nan espas travay la ki pi solid. Kounye a, gras ak efò Depatman Travay la ak opinyon plizyè Nouyòkè, chanjman politik sa yo ak resous yo pral ede biznis yo adapte politik yo ak espas travay modèn yo epi solidifye pozisyon New York kòm yon lidè nasyonal pou pwoteksyon travayè yo."

Nouvo modèl politik ak resous fòmasyon an gen ladan enfòmasyon, etid ka, ak egzanp nan yon mond reyèl sou fason asèlman seksyèl ka parèt nan yon mond travay ki fèk adistans ak nan yon seri eksperyans travay ki pi laj odela espas biwo tipik la, ansanm ak fason diskriminasyon kont sèks, ki gen ladan estereyotip seksis ak trete anplwaye yo

yon fason diferan akòz sèks yo, se asèlman seksyèl. Zouti sa yo ede anplwayè sektè piblik ak prive yo konfòme yo ak lwa Eta New York yo ki egzije anplwayè yo pou yo bay tout anplwaye yo yon politik prevansyon asèlman seksyèl ak diskriminasyon nan espas travay, fòmasyon anyèl sou asèlman seksyèl ak prevansyon kont diskriminasyon, ak yon kopi politik la sou papyè oswa pa imel nan moman anbochaj la ak chak ane pandan fòmasyon yo.

Gouvènè Hochul [te anonse plan](#) pou mete ajou Politik Modèl kont Asèlman Seksyèl New York la an Jiyè 2022 pou asire ke New York kontinye dirije nasyon an nan pwoteje travayè li yo kont asèlman, diskriminasyon, ak vanjans. Nouvo Politik Modèl Prevansyon kont Asèlman Seksyèl la te kreye ak opinyon Nouyòkè yo, defansè yo, moun ki gen enterè yo, ak lòt moun nan tout eta a alafwa sou entènèt pandan yon peryòd kòmantè piblik ki long, ak an pèsòn atravè reyinyon ak yon odyans piblik. Kòmantè yo te enpòtan nan redaksyon nouvo politik modèn ak nan yon langaj klè, pou asire ke mendèv New York la resevwa pi gwo pwoteksyon pandan y ap travay la.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Eta New York kontinye rete yon pisans ekonomik paske nou jwenn sipò yon mendèv solid epi ki angaje. Nouvo politik prevansyon kont asèlman seksyèl la ak fòmasyon modèl asire yo pwoteje travayè eta yo. Mwen remèsye. Gouvènè Hochul pou sipò san limit li pou travayè yo ak pou angajman li pou asire ke Eta New York kontinye rete yon lidè nan pwoteje mendèv la."

Eta New York te aplike premye Règleman Modèl Prevansyon kont Asèlman Seksyèl li an 2018 nan kad lejislasyon revolisyonè ki konsakre angajman Eta New York pou l tabli espas travay ki pi an sekirite epi ki pi ekitab. Lejislasyon sa a egzije pou tout anplwayè yo, kèlkeswa gwosè yo, pou yo adopte yon politik prevansyon asèlman seksyèl epi pou yo bay anplwaye yo fòmasyon chak ane epi pou Eta New York bay yon modèl politik ak fòmasyon pou ede patwon yo satisfè egzijans sa a. Lejislasyon an te enkli dispozisyon pou yo revize ak analize modèl politik Eta a bay yo chak kat ane.

Anplis de yon nouvo videyo fòmasyon ki disponib pou tout anplwayè yo nan tout eta a, Depatman Travay Eta New York la pral lanse tou yon kanpay edikasyon piblik pou ede Nouyòkè yo ak biznis yo konprann politik ki fèk ranfòse a. Eta New York te mete ajou tou [paj resous](#) Konbat Asèlman Seksyèl li a pou mete nouvo zouti pou travayè yo ak anplwayè yo, mete ajou Kesyon yo Poze Souvan yo, ansanm ak yon nouvo diaporama fòmasyon ak ekriti ki akonpaye yo, ak lòt resous ke biznis yo ka itilize nan objektif pou fòme anplwaye yo pou asire konfòmite.

**Komisè Divizyon Dwa Moun Eta New York la, Maria L. Imperial, te deklare,** "Aksyon enpòtan sa yo ki soti nan Depatman Travay Eta a pral ede konstwi espas travay ki pi ekitab ak enklizif, ki gen ladan sa yo ki adistans ak ibrid. Gouvènè Hochul te fè elimine asèlman seksyèl yon priyorite epi Divizyon an fyè pou l aplike lwa sou asèlman nan espas travay eta nou an. Nou pral kontinye sèvi ak tout zouti nou genyen pou nou kenbe diyite ak sekirite chak travayè atravè Eta New York."

Pou plis enfòmasyon sou Politik Modèl Prevansyon kont Asèlman Seksyèl la ak pou jwenn aksè ak tout resous fòmasyon an, ale nan [paj wèb Konbat Asèlman Seksyèl nan Espas Travay](#) la. Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap sibi asèlman seksyèl nan espas travay la, [ranpli yon rapò sou entènèt](#) oswa rele nouvo liy dirèk gratis NYSDHR la pou asèlman seksyèl la nan 1-800-HARASS-3 lendi jiska vandredi, 9:00. a.m. rive 5:00 p.m.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)